Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета



№ 9 (6895) 26 февраль 2024 с. Итни ШагIбан 1445 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## ИгьалисаМухIамад МуртазагIалиевасул ва МелъелтIаса Ислам Базаргановасул хIурматалда – тадбир

### Эркенаб гугариялъул рахъалъ Европаялъул чемпионаталда призовиял бакIал росана

**2024-абилеб соналъул 21-абилеб февралалда Бакълъул районалъул дандеруссиназул кIалгIадухъ румазулгун греказул гугариялъул рахъалъ Европаялъул чемпионаталда гIарцулаб медалалъе мустахIикълъарав Игьали росулъа МухIамад МуртазагIалиевасул ва гьелго къецазулъ, Азербайжаналъул командаялда гъорлъ цеве вахъун, лъабабилеб бакI босарав, МелъелтIаса Ислам Базаргановасул хIурматалда рохалилаб данделъи тIобитIана.**

Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул нухмалъулесул заместитель СайгидахIмад АхIмадовас, Бакълъул мухъалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул маданияталъул, гIолилазул ишазул, спорталъул ва туризмалъул Комитеталъул нухмалъулев Мурат Пайзулаевас, муниципалитеталъул хIаракатчагIаз ва цогидаз.

Дандеруссиналда СайгидахIмад АхIмадовас МухIамад МуртазагIалиевасда ва Ислам Базаргановасда баркана призовиял бакIал Европаялъул чемпионаталда щвей, гьарана гьезие нахъеккунги спорталъулъ ва гIумрудулъ чIахIиял бергьенлъаби. АхIмадовас гьединго спортсменазе гIарцулаб сайгъатги кьуна.

Гугарухъабазе гIарцулаб кумек гьединго гьабуна бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас, «Чиркейгэсстрой» УПТКялъул бетIерав директор, Килалъ росулъа МухIамад Загьидовас.

Районалъул администрациялъул рахъалдасан баркалаялъул кагътал кьуна спортсменазул тренеразе, умумузе. МуртазагIалиевасул цояв тренерлъун ккола Ингишо росулъа Артур КъурамухIамадов.

Бакълъулазул районалъул маданияталъул ва библиотекабазул хъулухъ гьабиялъул управлениялъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас ДРялъул НСялъул маданияталъул, гIолилазул ишазул, спорталъул ва туризмалъул Комитеталъул нухмалъулев Мурат Пайзулаевасе Дагъисталда спорт цебетIезабизе бахъараб хIаракаталъухъ хвалчен сайгъат гьабуна.

Гъалип Гъалиповас ДРялъул НСялъул вакилзабазе, гьалбадерие, тадбиралда гIахьаллъарал бакълъулазе баркала загьир гьабуна. «ХIурматиял районцоял, гьалбал! РакI-ракIалъулаб баркала кьезе бокьун буго жакъа гьаб рохалилаб данделъиялда гIахьаллъаразе.

МухIамад МуртазагIалиевасе, Ислам Базаргановасе гьарула щулияб сахлъигун халатаб гIумру, жеги борхатго Бакълъул районалъул цIар кквезе тавпикъ кьеги. Спорт бакълъулазул мухъалда цебетIезабизе нижеца бажараб гьабизе буго», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**СайгидахIмад АхIмадов: «Улкаялъул цевехъан вищи – кIвар цIикIкIараб политикияб лъугьа-бахьин»**

- 2 гьум.



**Гъалип Гъалипов: «БатIи-батIиял программаби нухдаинарулел руго Россиялда хъизамазе бигьалъаби гьаризелъун»**

- 2 гьум.



**ГIумарасхIаб Булатханов – гIолилазул мустахIикъав насихIатчи**

- 2- гьум.



**ЛъикIаб гьотIол кьалбалги щулияб пихьги тIагIамаб**

- 3- гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГІУМРУ

# СайгидахІмад АхІмадов: «Улкаялъул цевехъан вищи – кІвар цІикІкІараб политикияб лъугьа-бахъин»

### ДРялъул Халкъияб Собраниялъул вакилзаби гІахьаллъараб данделъи

**Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул нухмалъулесул заместитель СайгидахІмад АхІмадов гІахьаллъараб данделъи тІобитІана араб анкьалъ бакълъулазул мухъалда. Тадбиралда гьединго гІахьаллъана муниципалитеталъул бетІер Гъалип Гъалипов, ДРялъул НСялъул маданияталъул, гІолилазул ишазул, спорталъул ва туризмалъул Комитеталъул нухмалъулев Мурат Пайзулаев, идарабазул нухмалъулел, росабазул бутІрул ва цогидал.**

Дандеруссиналда бицана 15-абилеб марталдаса 17-абилеб марталде щвезегІан улкаялда тІоритІизе ругел рищиязул. «КватІичІого нилъеца вищизе вуго Россиялъул нухмалъулев. Гьаб бигьаяб гуреб заманалда нилъеца бихьизабизе ккола цолъи ва ВатІан бокьи.

Россиялъул нухмалъулев вищиялъул халккун руго киналго пачалихъал. Улкаялъул цевехъан вищи – кІвар цІикІкІараб политикияб лъугьа-бахъин. Дир хьул буго киналго бакълъулаз жиград гІахьаллъи гьабилин 15-абилеб марталдаса 17-абилеб марталде щвезегІан тІоритІизе ругел рищиязулъ», - ян абуна СайгидахІмад АхІмадовас.

Гьединго ракьцоядхеун хитІаб гьабуна бакълъулазул бетІер Гъалип Гъалиповас. «ХІурматиял бакълъулал! Нилъеда бараб буго улка цебетІей. Щивас гъунки бихьизабуни, тушбабазул анищал тІураларо. Нилъее цебетІей бокьичІел пачалихъал гІемер руго. Неофашистазда данде Россиялъ гьабулеб хІалтІи цебе ине бокьичІезул къадар цІикІкІараб букІинги лъала нилъеда. Дир гьари буго рищиязда жигараб гІахьаллъи гьабеян. Конституциялъ кьураб ихтияр хІалтІизабе, - ян абуна Гъалип Гъалиповас.




Гьединго рищиязда тІасан кІалъай гьабуна Игъали росдал гьоркьохъеб школалъул директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель ГІиса Шарапудиновасги.

**Макка МухІамадова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# Гъалип Гъалипов: «БатІи-батІиял программаби нухдаинарулел руго Россиялда хъизамазе бигьалъаби гьаризелъун»

### Анкьил хІасилал гьаруна

**2024-абилеб соналъул 20-абилеб февралалда Бакълъул районалъул администрациялда хъизамалъул соналда хурхун тадбирал гьариялъул, ГАС «Управление» порталалде баянал росиялъул, рищиязул, СВОялъул рагъухъабазе ва гьезул хъизамазе кумек гьабиялъул ва цогидал кІвар бугел суалал рорхараб данделъи тІобитІана.**



Гьенир гІахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул нухмалъулесул заместителал ГІалихан ДавудхІажиевас, МухтарахІмад АхІмадовас, идарабазул вакилзабаз ва цогидаз.

Муниципалитеталъул бетІер Гъалип Гъалиповасул рагІабазда рекъон, хъизамалъул сон къиматаб даражаялда тІобитІизе хІаракат бахъизе буго. «2024-абилеб сон хъизамалъул соналъун лъазабун буго Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путиница. БатІи-батІиял программаби нухдаинарулел руго Россиялда хъизамазе бигьалъаби гьаризелъун, гьел церетІурал рукІинелъун.

Арал соназго гІадин, хасаб кІвар кьезе буго спецоперациялъул гІахьалчагІазде ва гьезул хъизамазде. КІодо гьаризе руго лъимал гІемерал улбул, цадахъ гІемер сонал рахъарал росълъади ва цогидал», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**Зугъра ГІабдулкъадирова**

ВАТІАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

# МухІамадхан МухІамадгІалиевгун дандчІвана бакълъулазул тІалъиялъул ва руччабазул гІуцІиялъул вакилзаби

### ВатІаналъул ахІи къабул гьабурав

**Бакълъулазул бетІерасул заместитель МухтарахІмад АхІмадов ва муниципалитеталъул руччабазул гІуцІи-ялъул гІахьалчагІи араб анкьалъ дандчІвана Украиналда тІобитІараб хасаб рагъулаб операциялъул рагъухъан, МелъелтІа росулъа МухІамадхан МухІамадгІалиевгун ва гьесул эбел Салимат Насрулаевагун.**

Дандеруссиналда МухтарахІмад АхІмадовас тІуразе хІажатал суалал ругодаян цІех-рех гьабуна МухІамадгІалиевасда. «Нижеца, районалъул тІалъиялъул вакилзабаз, бажарараб гьабуна ва нахъеккунги гьабизе буго СВОялъул рагъухъабазе ва гьезул хъизамазе.



Нужеца бахІарчиго тІуралел руго Россиялъул нухмалъулес цере лъурал рагъулал масъалаби, гІагараб Бакълъул мухъалъул цІар лъикІаб рахъалдасан рагІинабизе хІаракат бахъулеб буго. Дуе ва цогидал нилъер ВатІан цІунулезе гьарула бергьенлъигун тІадруссин»,- ян абуна МухтарахІмад АхІмадовас.

Тадбиралда гьединго кІалъай гьабуна бакълъулазул руччабазул гІуцІиялъул нухмалъулей Загьра ГІабдулаеваль. «ХІурматияв МухІамадхан, ниж рохарал руго жакъа мунгун дандчІвазе щвеялдаса.

РухІалда барахщичІого, захІматалъукьа хІинкъичІого, рагъулел руго нуж гьанжесеб заманаялъул фашистазда данде.

Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасги кутакалда кІвар кьолеб буго СВОялъул гІахьалчагІазул ва гьезул гІага-бажаразул суалал тІураялде.

Гьарула нужее халатаб гІумру, тушманасул гуллидаса цІуни, бахІарзазул цІар щун, хъизамазде тІадруссин. Районалъул руччабазул гІуцІиялъул вакилзабаз нахъеккунги кумек гьабизе буго ватІаналъул ахІи къабул гьабуразе», - ян абуна Загьра ГІабдулаеваль.

МухІамадхан МухІамадгІалиев вачІун вукІана отпускалъ. Гьеб лъугІарабго, тІадвуссине вуго спецоперациялъул мухъалде.

**Зугъра ГІабдулкъадирова**

ЧІАХЪАГИ МАГІАРУЛАЛ

# ГІумарасхІаб Булатханов – гІолилазул мустахІикъав насихІатчи

### Шапакъатал цІикІкІаги

**ИВА «Рагъул инвалидал» ДРООялъул Бакълъул мухъалда бугеб отделениялъул нухмалъулев, халкъияб ополчениялъул бахІарчи, афгъанияв, МелъелтІа росулъа ГІумарасхІаб Булатханов мустахІикълъана «Дагъистан Республикаялъул гІолилалазул мустахІикъав насихІатчи» абураб цІаралъе. Гьеб кьеялъул Амруялда гъулбас гьабуна Дагъистаналъул бетІер Сергей Меликовас.**



Шапакъат ГІумарасхІаб Булатхановасе кьуна Дагъистаналъул ХІукуматалъул председателасул заместитель Муслим Телякавовас. Бакълъул районалъул бетІер Гъалип Гъалиповас Булатхановасда баркана пачалихъияб шапакъат щвей, гьарана нахъеккунги цебетІей, щулияб сахлъигун халатаб гІумру.

**«Гумбет» информациялъул гІуцІи**

ВАТІАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

# СВОялъул мухъалде кванил нигІматал ритІана килдерица

**ВатІан цІунулезул къоялъул хІурматалда Бакълъул районалъул Килалъ росдал «Чебурашка» ясли-ахалъул хІалтІухъабаз спецоперациялъул мухъалде кванил нигІматал жанир ругел посылкаби ритІана.**

Килдерица ва цогидал бакълъулазул росабазул гІадамаз, гьоркьоса къотІичІого, битІулеб буго фронталде гуманитарияб кумек. Цебе рехсараб росдал лъималазул ахалъул нухмалъулей Курсанат ХІабибоваль ВатІан цІунулезе гьарана бергьенлъигун тІадруссин.

**Макка МухІамадова**

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

# Амет-Хан Султанил цIаралда медаль къуна Игьалиса ГIиса ГIисаевасе

### Россиялъул Халкъияб Фронталъул грамотаялъеги мустахIикълъана

**Дагъистаналда бугеб регионалияб «ВоИн» ОООВИ-ялъул нухмалъулев, Халкъияб фронталъул Регионалияб отделениялъул эксперт, Афганияб рагъул гIахьалчи, Бакълъул районалъул Игьали росулъа ГIиса ГIисаевасе гIолилазе ВатIан бокьиялъулаб тарбия кьезе бахъараб хIаракаталъухъ Амет-Хан Султанил цIаралда медаль щвана. Гьеб кьеялъул Амруялда гьулбас гьабуна ДРялъул нухмалъулев Сергей Меликовас.**



ГIисаев ГIиса Сайпудиновичас жигараб гIахьаллъи гьабула жамгIият цебетIезабиялъулъ. Спецоперациялъул мухъалде гуманитарияб кумек битIиялъулъ къиматаб бутIаги лъуна гьес. Рагъулал лъугьабахъиназдаса тIадруссинчIезул хъизамазул тIалаб-агъаз гьабула, рагъулал ветераназул сахлъи борхизабиялъул суалал тIурала.

Араб соналъ ГIисаевасе Россиялъул Халкъияб Фронталъул ХIурматалъул грамота щвана, гьелдаго цадахъ Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путинил командаялъул каранда балеб гIаламатги къуна.

Дагъистаналъул нухмалъулев Сергей Алимович Меликовасул цIаралдасан шапакъат ГIисаевасе къуна ДРялъул ХIукуматалъул председателасул заместитель Муслим Теляковас. Бакълъул районалъул бетIер Гьалип Гьалиповас ГIиса ГIисаевасда шапакъат щвей баркана ва нахъеккунги цебетIей гьарана.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

# ЛъикIаб гъотIол кьалбалги щулияб пихъги тIагIамаб

**Гьаб гьитIинабго макъалаялда дие бицен гьабизе бокьун буго заманалда барахщичIого, хъвачI кIалъачIого, унго-унгоял инсанасда рекъарал гIамалал махщалида цадахъ хIалтIизабурав Игьали росулъа Тажудинил АхIматIил хIакъалъулъ.**



Гьесул махщел камиллъиялъулги тIабигIат берцинлъиялъулги гьитIиназдаги чIахIияздаги лъала. АхIматI гьавуна 1938-абилеб соналъ Игьали росулъ. 1958-абилеб соналъ гьев ана Каспийскалде медучилищалде цIализе.

Аби буго, тохтурлъи камиллъуларила, жив лъикIав инсанлъун гьечIони. Кида щив вачIаниги, гьес кумек гьабичIого, чи виччачIо. Киданиги нуцIа рахалароан АхIматIил хъизамалъ, рекIине машина гьечIин, гIиллаби ратун, кумек гьабичIого течIо.

АхIматIил рагIиги дару бугин абула игьелдерица: унтарасухъ гIенеккизе, камилго малъа-хъваял гьаризе Аллагьасго гьунар кьурав инсан вуго гьев. Рехсезе мустахIикъал гIемерал лъугьа-бахъинал рукIана гьесул. Игьелдерица гуребги, сверухъ ругел росабазул гIадамазги кIодо гьавула гьев.

АхIматI вуго хIалхьиялда, амма жиндихъе унтарав вачIани, кумек гьабичIого толаро жакъаги. ГIадамазул сахлъиялъул хъаравул вуго гьев. Жигарав жамгIияв хIаракатчилъунги машгьурав вуго АхIматI игьелдерида ва сверухъ ругел росабазул гIадамазда гьоркьов.

ГIадамазул бищунго лъикIав – жиндир пайда цIикIкIарав абун хIадис буго. Жиндица гьабураб лъикIлъи дунялалдаги ахираталдаги пайдаялъе батаги АхIматIие.

**ХIажимурад МухIамадов, Игьали росу**

# Дагестан перед посевной кампанией обеспечен семенами на 80%

**Обеспеченность семенами в регионе для проведения весеннего посева составляет 80%, сообщает РИА «Дагестан» со ссылкой на Минсельхозпрод РД.**

По информации источника, для посева требуется 75 тыс. тонн семян, при этом отмечается, что доля элитных семян среди всей этой структуры – 8%. Также отмечается, что в Дагестане хорошо развит объем вносимых удобрений.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

# Установлена мера социальной поддержки больным фенилкетонурией

**В целях реализации мероприятий государственной программы Республики Дагестан «Социальная поддержка граждан» постановлением Правительства Республики Дагестан установлена мера социальной поддержки больных фенилкетонурией в виде денежной компенсации 50 процентов расходов на приобретение низкобелковых и безбелковых продуктов питания, но не более 10 000 рублей в месяц.**

Компенсации подлежат фактически понесенные расходы, подтвержденные платежными документами, представленными в текущем году. Осуществляется она в соответствии с перечнем малобелковых продуктов питания, утвержденным Министерством здравоохранения Республики Дагестан.

Заявление на получение компенсации подается больным фенилкетонурией либо родителем или иным законным представителем, с которым проживает ребенок, больной фенилкетонурией, в Управление социальной защиты населения в муниципальном районе и городском округе по месту жительства (месту пребывания) заявителя: а) лично при посещении заявителем органа социальной защиты населения; б) через Многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг (МФЦ); в) в электронном виде с использованием федеральной государственной информационной системы «Единый портал государственных и муниципальных услуг (функций)»; г) посредством почтовой связи способом, позволяющим подтвердить факт и дату отправления.

При первичном обращении за компенсацией в органы социальной защиты населения либо МФЦ заявление подается



с предъявлением документа, удостоверяющего личность, и, в зависимости от сложившейся у заявителя жизненной ситуации, следующих документов (сведений): а) документ о рождении ребенка – при регистрации акта гражданского состояния компетентным органом иностранного государства по законам соответствующего иностранного государства; б) документ о заключении (расторжении) брака – при регистрации акта гражданского состояния компетентным органом иностранного государства по законам соответствующего иностранного государства; в) документы, подтверждающие расходы по оплате малобелковых продуктов питания, с указанием даты покупки, стоимости каждого вида продуктов, количества приобретенных продуктов, общей стоимости продуктов; г) реквизиты счета в кредитной организации.

При повторном обращении за компенсацией в органы социальной защиты населения либо МФЦ подается заявление с предъявлением документа, удостоверяющего личность, и документов, подтверждающих расходы по оплате малобелковых продуктов питания.

Заявители могут обратиться за компенсацией в любое время после возникновения права на него. При этом компенсации подлежат суммы расходов на приобретение малобелковых продуктов, приобретенных не более чем за 1 календарный год, предшествующий месяцу обращения.

Постановление о выплате компенсации вступает в силу со дня его официального опубликования и распространяется на правоотношения, возникшие с 1 января 2024 года.

**Минтруд РД**

СТРАНА ГОР

# Около 1 000 участников Афганских событий получили юбилейную выплату по поручению Главы Дагестана Сергея Меликова

**В связи с юбилейной, 35-й годовщиной вывода советских войск из Афганистана, по поручению Главы РД Сергея Меликова в Правительство РД внесен проект распоряжения о выделении Минтруда РД финансовых средств из резервного фонда Правительства РД на осуществление единовременной денежной выплаты членам семей ветеранов боевых действий. Об этом сообщается в Телеграм-канале Минтруда РД.**




По информации источника, согласно Распоряжению, выплата в сумме 10 тыс. руб. будет выплачена вдовам «афганцев» погибших при исполнении воинского долга на территории Афганистана. Также выплату в размере 5 тыс. рублей получат все участники Афганских событий или их семьи. Управлениями соцзащиты Минтруда РД уже осуществлена выплата около 1000 получателям. Отмечается, что перечисление выплат продолжается.

Подробно по ссылке: https://t.me/ministerstvotrudaRD/8809

СТРАНА ГОР

# Дагестан – регион-лидер по количеств у построенных и отремонтированных школ

**Выполнение президентских программ капремонта и строительства новых школ и детсадов обсудили с регионами на федеральном штабе секретарь Генсовета «Единой России» Андрей Турчак, министр просвещения Сергей Кравцов.**

От РД в мероприятии приняли участие первый заместитель Секретаря Регионального отделения Партии Сайгидахмед Ахмедов, вице-премьер региона Муслим Телякавов и др. Андрей Турчак отметил, что Дагестан входит в число регионов-лидеров, где по итогам года отремонтировано больше всего школ.

**РИО «Гумбет»**

## О внесении в ЕГРН записи о запрете сделок с недвижимостью без личного присутствия

**Запрет на совершение сделок – это невозможность регистрации права на недвижимое имущество в государственных органах без личного присутствия собственника – будь это продажа, обмен, дарение недвижимости, регистрация обременения или залога, прекращение прав собственника.**

- Для внесения в ЕГРН записи о запрете сделок с недвижимостью без личного присутствия можно обратиться в многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг с документом, удостоверяющим личность, заявлением и документом, подтверждающим право собственности.

- Обратиться в МФЦ можно лично или через представителя, действующего на основании нотариальной доверенности. Оформить запрет можно в отношении любой недвижимости, если она состоит на кадастровом учете, это может быть квартира, дом, комната, машино-место или земельный участок. Если собственников у имущества несколько, наложить запрет можно только на свою долю.

- Также заявление можно подать в электронном виде в личном кабинете на сайте Росреестра.



- Запись о невозможности совершения регистрационных действий вносится в течение 5 рабочих дней.

- Наличие в ЕГРН данной записи является основанием для возврата без рассмотрения заявления, представленного иным лицом (не являющимся собственником объекта недвижимости или его законным представителем) на государственную регистрацию перехода, ограничения (обременения), прекращения права на соответствующийобъектнедвижимости.

-Госпошлина за предоставление услуги не взимается.

**Филиал МФЦ РД по Гумбетовскому району**

## О предоставлении мер социальной поддержки по оплате жилого помещения и коммунальных услуг

**Минтруда Дагестана напоминает Отдельным категориям граждан, проживающим в Республике Дагестан, о порядке предоставления мер социальной поддержки**



**по оплате жилого помещения и коммунальных услуг.**

-Указанная мера соцподдержки осуществляется в денежной форме в виде ежемесячной денежной выплаты по оплате жилого помещения и коммунальных услуг (ЕДВ по ЖКУ).

-Граждане, имеющие право на ЕДВ по ЖКУ, вносят плату за жилое помещение и коммунальные услуги в полном объеме.

-Согласно Порядку, отдельным категориям граждан ежегодно в декабре производится перерасчет размера ЕДВ по ЖКУ за текущий календарный год.

-В случае непредставления отдельными категориями граждан либо поставщиками жилищно-коммунальных услуг до 1 декабря вышеуказанных сведений, осуществление ЕДВ по ЖКУ приостанавливается. Более того, по истечении шести месяцев, выплата прекращается.

-Подробнее на сайте Минтруда РД по ссылке https://dagmintrud.ru/press/67774

t.me/ministerstvotrudaRD/8847

СТРАНА ГОР

## Госуслуги - не МФЦ

**Портал госуслуг (Gosuslugi.ru) – это один из способов обращения за услугами в любое время любого места, где бы вы ни находились.**

На сегодняшний день сайт Gosuslugi.ru очень актуален.

-Если у вас есть личный кабинет на Gosuslugi.ru, Вы можете встать на учет в качестве безработного, оформить выплаты и обратиться за массой других услуг, которые сейчас не доступны для получения через МФЦ.

-В настоящее время МФЦ может зарегистрировать Вас на Gosuslugi.ru, подтвердить Вашу учетную запись или восстановить доступ к личному кабинету. Наш МФЦ может даже предоставить инструкцию, как сделать все это самостоятельно.

-НО

МФЦ это не Gosuslugi.ru. Все вопросы по работоспособности портала, его функционалу Вы должны задавать технической службе Портала Gosuslugi.ru

-Если:

идет долгая проверка СНИЛС или паспортных данных

Вы долгое время не получаете смс с паролем

на сайте Gosuslugi.ru имеется объявление о временной неработоспособности не удается подать какое-либо заявление т.к. сайт постоянно «слетает» или «висит» МФЦ не сможет вам помочь. НУЖНО ЖДАТЬ, либо обращаться в тех.под-




держку сайта.

МФЦ не поможет Вам зайти в личный кабинет портала Госуслуг, для того, чтобы вы смогли обратиться за услугой

Не внесет Ваши персональные данные в личный кабинет.

Вы должны это сделать самостоятельно.

Просим отнестись с пониманием.

**Всегда рады Вам помочь (в пределах своей компетенции) +7(938)-777-82-93**

СТРАНА ГОР

## Успей присоединиться к обучению в Центре цифрового образования «IT-Куб»!

-Мы предлагаем обучение по различным программам для школьников от 10 до 18 лет. У нас вы сможете изучить:

-Web разработку;




-Системное администрирование;

-Английский язык;

-Введение в Python;

-Компьютерная грамотность;

-Flutter, Kotlin;

-А также год обучения на Python в Лицее Академии Яндекс.

-Наш центр находится по адресу: ул. Хаджалмахинская, 41г, Махачкала.

-Для записи на программы звоните по телефону: 8989 657 78 00.

-Обучение в нашем центре абсолютно бесплатное!

-Неважно, решишь ли ты связать своё будущее с IT: навыки, которые ты приобретешь у нас, помогут тебе преуспеть в любой области! Не упусти шанс обрести цифровое образование, которое откроет тебе мир новых возможностей. Обучайся с IT-Куб и воплощай свои идеи в реальность!

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакъулъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.